

PA KREYE YON KATASTWÒF



Yon dèlko gendwa pi bon zanmi w pandan yon siklòn oubyen yon blakawout ki dire anpil tan. Men, dèlko ou itilize mal kapab lakòz lanmò - yo lakòz dife, moun pran kouran oswa anpwazonman ak monoksid kabòn.

SWIV KONSÈY SA YO POU W ASIRE DÈLKO W PA VIRE KONT OU:



Fè dèlko a mache deyò nan yon zòn ki apla, ki sèk, ki pran lè, ki lwen pòt, fenèt ak bouch ayerasyon - depreferans anba yon ti tant,abri pou machin oswa anga ki louvri. Pa janm sèvi ak li andedan, nan sousòl (moun pa kapab kanpe ladan), bezment, oswa nan garaj ki tache.



Pou konekte aparèy ou nan dèlko a, sèvi avèk ralonj rezistan, ki gen twa-tèt, ki pou itilizasyon deyò. Pa janm konekte yon dèlko pòtab nan sikwi kay la - sa ki rele "alimantasyon desekou". Pratik sa a kapab bay yon vwazen kouran oswa travayè sèvis piblik ki nan plizyè mil distans.



Si w enstale yon dèlko pèmanan, fè yon elektrisyen ki gen lisans ak asirans enstale l ak fè enstalasyon elektrik la.



CHÈF SÈVIS FINANSYE JIMMY PATRONIS

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

SWIV KONSÈY SA YO POU W ASIRE DÈLKO W PA VIRE KONT OU:



Monoksid kabòn trè toksik, men li pa gen okenn sant. Menmsi ou pa kapab pran sant vapè yo, si ou kòmanse santi w malad, toudi oswa fèb pandan dèlko a ap mache, ale nan lè fre touswit. Si w ap itilize yon dèlko, li enpòtan pou w enstale nan kay ou yon alam pou monoksid kabòn ki mache ak batri.



Pa janm estoke gazolin andedan kay ou, nan sousòl (moun pa kapab kanpe ladan), nan garaj oubyen bezment si li gen yon aparèy ki mache ak kabiran. Yon lanp temwen oswa etansèl switch elektrik yo kapab fè vapè gaz yo pran dife.



Kalkile total pisans an wat tout aparèy ak limyè ou vle konekte nan dèlko a. Total la dwe mwens pase pisans sòti maksimòm ki endike sou dèlko a. Si total la plis epi tout eleman yo konekte nan dèlko a, dèlko a oswa yon eleman ki konekte ka andomaje.



Anvan w mete gaz nan dèlko a, etenn tout aparèy ki konekte yo epi etenn dèlko a pou li ka refwadi anvan w mete gaz ladan. Si gen gaz ki devèse, li ka kreye yon dife sou pati ki cho yo nan motè a. Toujou gen yon ekstenktè toupre pou dife.



Pa manyen dèlko a si men w mouye.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON:

Depatman Sèvis Finansye Florida
1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Me 2017